



4 fevriye 2020

Chè Fanmi CPS yo,

N ap ekri kominote Lekòl Piblik Cambridge (Cambridge Public Schools, CPS) la ba li enfòmasyon ki ajou osijè nouvo koronavirus 2019 la. Yo te detekte nouvo viris respiratwa (poumon) sa a a Wuhan, an Chin nan mwa desanm. Nan dat 1ye fevriye, yo te konfime premye ka novèl koronavirus la nan Massachusetts, yon rezidan Boston ki te enfekte. Moun sa a an izolman pou kounye a.

Nouvèl sa a pa chanje evalyasyon ofisyèl Eta a ak federal yo te fè deja, kòm kwa **risk la fèb pou moun ki abite Massachusetts ak Ozetazini**. Poutèt risk la fèb, ofisyèl sante Massachusetts yo pa rekòmande anile aktivite angwoup yo, ki gen ladann envènman lekòl yo.

Sitiyasyon an ap evolye, epi ajans sante piblik lokal, Eta a ak federal yo ap siveye epidemi a deprè. Ou kapab jwenn enfòmasyon ki pi ajou yo isit:

- Konsènan Nouvo Koronavirus 2019 la (Centers for Disease Control and Prevention - CDC): <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>
- Kisa Piblik la ta dwe fè (What the Public Should Do, CDC): <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/about/what-you-should-do.html>
- Enfòmasyon pou Vwayajè yo (Information for Travelers, CDC): <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers/index.html>
- Nouvo Koronavirus 2019 la (Depatman Sante Piblik Massachusetts): <https://www.mass.gov/2019coronavirus>

### Kisa Ou Kapab Fè

Kounye a se pik sezon lagrip (lagrip flou) nan Massachusetts, epi fanmi CPS yo kapab anpeche grip flou ak lòt maladi respiratwa yo simaye konsa:

- ankouraje manm fanmi yo pran vaksen kont lagrip flou.
- kouvri bouch yo lè y ap touse oswa estènye.
- lave men yo souvan ak savon epi dlo. Si pa gen savon ak dlo pa disponib, itilize yon likid dezenfektan ki abaz alkòl ki gen omwens 60% alkòl.
- fè timoun yo rete lakay yo lè yo malad.

Si ou gen kesyon oswa preyokipasyon, tanpri kontakte Depatman Sante Piblik Massachusetts la nan 617- 983-6800.

Claude A. Jacob, MPH  
Ofisyè Chèf Sante Piblik  
Cambridge Health Alliance  
Vil Cambridge

Lisa Dobberteon, MD, FAAP  
Direktè medikal, Pwogram Sante Lekòl  
ak Sante Piblik  
Depatman Sante Piblik Cambridge

Tracy Rose-Tynes, MS, BSN, RN  
Enfimyè Manadjè  
Sèvis Sante Lekòl  
Depatman Sante Piblik Cambridge